



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU SELEBRE MWA FYÈTE  
LGBTQ yo**

***Premye Jij Latino LGBTQ ki nonmen nan Tribinal Reklamasyon Eta New York***

***Lansman Gid Fyète 2022 I Love NY LGBTQ a***

***Leve drapo LGBTQ+ Pwogrè a istorik la atravè Eta New York***

***Moniman istorik yo pral limen nan dat 1ye jwen an ak pandan tout mwa a***

***Nouvo Ekspozisyon ouvri nan New York State Capitol k ap fè limyè sou lit pou  
dwa LGBTQ+ manm ki nan sèvis militè Etazini***

***Aprann plis sou Ekspozisyon sa epi gade foto yo [isit la](#)***

***Li pwoklamasyon an [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon pwoklamasyon ki deziyen mwa jwen 2022 a kòm Mwa LGBTQ + Fyète. Gouvènè a te anonse tou premye jij Latino LGBTQ ouvètman ki nonmen nan Tribinal Reklamasyon Eta New York, ansanm ak divès mezi sipemantè ki rekonèt Nouyòkè LGBTQ yo api k ap selebre kontribisyon yo nan eta nou an, ki enkli lansman Gid Fyète 2022 I LOVE NY LGBTQ, leve drapo pwogrè LGBTQ atravè eta a, moniman istorik eta yo nan koulè drapo fyète LGBTQ yo, ak ouvèti yon ekspozisyon nan State Capitol k ap fè limyè sou Manm Sèvis LGBTQ yo nan Militè Etazini pandan mwa fyète a.

"Mwa fyète a se yon moman pou selebre kontribisyon san konte kominote LGBTQ a nan Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak Nouyòkè, kèlkeswa jan ak idantite oswa ekspresyon seksyèl li merite yon gouvènman ki rekonèt yo pou moun yo ye epi ba yon espas valè lanmou, ak apatenans. Soti nan gwo avansman nan egalite LGBTQ yo reyalize nan kad Bidjè ki Adopte resaman nou an rive nan moun pwogresis ki nonmen yo, administrasyon mwen an ap kontinye konbat pou ede asire egalite ak sipò pou kominote LGBTQ a."

Semèn pase a, Gouvènè Hochul te nonmen Jij Javier Enrique Vargas, Konte New York, nan Trivinal Reklamasyon Eta New York la. Jij Vargas se pral premye jij gason omoseksyèl ki afime epi Latino LGBTQ ki nonmen nan Tribinal Reklamasyon yo. Administrasyon sa gen gran fyète pou enkli reprezantasyon LGBTQ istorik espesyalman yon manm LGBTQ nan kominote Latino a, nan kad klas nominasyon istorik ki konpoze ak moun divèsifye ki kalifye

Gouvènè Hochul te anonse tou ke, pou premye fwa nan Eta New York, drapo fyète pwogrè a ap flote nan Pak Eta atravè New York pou make debi mwa fyète a. Anplis, drapo a ap leve nan State Capitol, Plaza ak Chato Gouvènè a nan dat 10 jwen nan kòmansman Wikenn Fyète Kapital la nan Rejyon Kapital la. Drapo a ap flote tou nan Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building Harlem, Eleanor Roosevelt State Office Building Poughkeepsie, Hudson Valley Transportation Management Center Hawthorne, Perry B. Duryea State Office Building Hauppauge pandan tout mwa fyète a.

Aprè yon peryòd de ane mank akòz pandemi, I LOVE NY, atravè inisyativ I LOVE NY LGBTQ a, ap patisipe nan evènman Fyète yo nan New York, ki enkli Buffalo, Fire Island, Harlem, Vil New York City ak Rochester, pou angaje ak patisipan yo epi entwodui yo nan tout destinasyon pasyonan k ap tann yo nan tout eta a.

Yon [sit](#) I LOVE NY LGBTQ ki fèk ajou ak yon gid vwayaj enprime I LOVE NY LGBTQ disponib pou ede vizitè yo idantifye bèl bagay pou wè epi fè, alafwa pandan mwa Fyète a ak pandan tout ane a. I LOVE NY ap lanse tou yon [blòg](#) gid Fyète I LOVE NY 2022, pou sipòte patnè komintè yo epi fè pwomosyon touris lè li mete aksan sou selebrasyon Fyète yo, ak lòt evènman LGBTQ ak atraksyon atravè eta a.

Moniman istorik k ap limen pou rekonèt Mwa Fyète LGBTQ nan dat 1ye jwen ak 23 rive 30 jwen yo se

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Alfred E. Smith State Office
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany

Moniman istorik Rejyon Kapital la k ap limen pou rekonèt Wikenn Fyète LGBTQ nan dat 10 rive 13 jwen yo se:

- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Bilding Alfred E. Smith State Office
- Empire State Plaza
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany

Gouvènè a te anonse tou ouvèti *With Pride and Dignity*, yon nouvo ekspozisyon ki fè limyè sou lit pou dwa manm sèvis LGBTQIA Militè Ameriken yo epi montre kijan Eta New York sipòte konba kont diskriminasyon yo. Ekspozisyon an ap fèt nan War Room, nan dezyèm etaj New York State Capitol la e l ap kontinye jiska fen jwen. Jwenn plis enfòmasyon sou ekspozisyon an, lè ou vizite New York State Capitol epi gade foto yo [isit la](#).

Semèn pase a Gouvènè Kathy Hochul [te anonse](#) ke Nouyòkè yo gen opsyon kounye a pou chwazi "X" kòm yon sèks sou lisans chofè yo, pèmi kondui yo oswa kat idantite pa chofè yo nan tout biwo Depatman Veyikil a Motè yo nan tout eta a. Chanjman an te aplike dapre Lwa sou Rekonesans Sèks New York -- lejislasyon istorik sa bay plis pwoteksyon pou Nouyòkè trans-seksyèl ak non-binè yo atravè chanjman sa nan DMV epi nan rann li pi fasil pou popilasyon an chanje non yo, chanje deziyasyon seksyèl yo ak chanje sètifika nesans yo pou reflekte idantite yo.

Anons sa fè pati [gwo avansman](#) nan ekite LGBTQ+ Gouvènè Hochul te batay pou li epi garanti nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 ki te Adopte a. Bidjè a gen ladan 13.5 milyon dola pou Depatman Sante a (Department of Health) sipòte kominote LGBTQ+ la epi plis pase double finansman anyèl Sèvis Sante ak Sosyal pou LGBTQ+. Anplis, Bidjè a egziye ajans eta yo pou bay yon opsyon pou moun yo make sèks yo kòm non-binè "X" sou tout fòmilè ki kolekte enfòmasyon sou jan oswa sèks. Ajans yo dwe tou ajoute enfòmasyon sa nan koleksyon done yo. Bidjè a pèmèt trans-seksyèl Nouyòkè yo tou pou yo chanje non oswa deziyasyon seksyèl yo sou sètifika maryaj yo san kite non mouri yo ladan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418